



Pou Piblikasyon Imedya: 2/11/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL AK LIDÈ MAJORITE SCHUMER ANONSE PI GWO
FABRIKAN CHÈN APWOVIZYÒNMAN SEMIKONDIKTÈ EDWARDS VACUUM KI
PRAL KONSTWI ENSTALASYON KI KOUTE 319 MILYON DOLA NAN KONTE
GENESEE**

***Lidè Britanik nan endistri semikondiktè a pral konstwi yon enstalasyon 240,000
pye kare, kreye 600 travay nan pak fabrikasyon avanse syans ak teknoloji
STAMP Lwès New York la***

***Investisman an bati sou angajman istorik 100 milya dola apati teknoloji Micron,
ki ranfòse plis koridò fabrikasyon avanse ak semikondiktè nan nò Eta New York***

***L ap konplete tou inisyativ "Finger Lakes Forward" la – ki se estrateji global
rejyon an pou revitalize kominote yo ak devlope ekonomi an***

Gouvènè Kathy Hochul ak Lidè Majorite Sena Etazini an, Charles Schumer, te anonse jodi a Edwards Vacuum, yon lidè mondyal Britanik nan ekipman vakyòm ak rediksyon nan endistri semikondiktè ak yon pati nan Atlas Copco Group, te chwazi Pak Fabrikasyon Avanse Syans ak Teknoloji (Science & Technology Advanced Manufacturing Park, STAMP) nan Lwès New York ki sitiye nan Konte Genesee, kòm lokal pou nouvo enstalasyon fabrikasyon ponp sèk Etazini ki koute 319 milyon dola. Teknoloji ponp sèk ki pral pwodui nan nouvo etablisman an se yon eleman vital pou kontwole anviwònman trè sansib pwosesis fabrikasyon semikondiktè yo. Premye faz nan kanpis 240,000 pye kare Edwards Vacuum lan gen ladan fabrikasyon, depo ak administrasyon. Nouvo angajman lidè mondyal sa a nan chèn apwovizyonman fabrikasyon semikondiktè a pou investi nan Eta New York chita sou anons ke Micron k ap investi yon 100 milya dola san parèy nan New York Santral.

"Gwo investisman sa a ki soti nan Edwards Vacuum ap chita sou elan nou pou asire New York kòm yon lidè nan fabrikasyon semikondiktè", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Aprè angajman 100 milya dola Micron te pran nan New York Santral, ansanm ak lejislasyon Green CHIPS New York ak Lwa federal sou CHIPS ak Syans, nou pi byen pozisyone pase jamè pou fè New York tounen yon sant global pou fabrikasyon avanse ak atire travay lavni yo. Mwen kontan akeyi Edwards Vacuum nan Konte Genesee epi mwen kontan travay avèk yo, ansanm ak patnè lokal, eta ak federal nou yo, pandan y ap fè New York tounen lakay yo".

"Lwa CHIPS ak Syans la pote rezilta pou nò Eta New York ankò", **lidè Majorite Sena a, Charles Schumer, te deklare**, "Mwen kontan anpil pou m anonse Edwards Vacuum, yon gwo aktè nan chèn apwovizyonman semikondiktè pral byento founi Konte Genesee yon izin plis pase 300 milyon dola ak 600 travay ki byen peye! Soti nan gwo investisman Micron nan New York Santral ak nouvo izin Wolfspeed nan Marcy, pou rive nan Onsemi ki pral byento kòmanse nan Hudson Valley ak GlobalFoundries k ap konstwi yon nouvo izin nan Rejyon Kapital la, epi kounye a Edwards k ap anplifye chèn apwovizyonman semikondiktè nou an nan sit STAMP Lwès New York la, nò Eta a ap tounen sant mondyal pou endistri pis la. Mwen te di ak antèt Edwards Vacuum lan mwa pase a ke pa te gen pi bon sit pase STAMP pou lokalize yon nouvo izin epi mwen byen kontan yo te koute apèl mwen. Avèk Lwa CHIPS ak Syans mwen an kòm baton ekleraj, kounye a nou wè enèji k ap sikile nan sektè fabrikasyon nò Eta a tankou sa pa te janm ye anvan, epi investisman sa a pral simante plis ke avni mikwopis avèk pwodwi ki fabrike Etazini, ke travayè New York fabrike".

Prezidan biznis semikondiktè Edwards la, Kate Wilson, te deklare, "Mwen kontan dèske n ap anonse nouvo enstalasyon sa a nan eta New York. Nan yon kontèks demann k ap grandi, ki montre klèman yon pi gwo bezwen pou investisman nan kapasite fabrikasyon ki sitiye tou pre kliyan nou yo, nou kontinye angaje investisman enpòtan nan anprent operasyonèl nou. Sa enpòtan anpil pou asire nou kenbe pozisyon nou kòm patnè chwa vakyòm ak rediksyon pou endistri semikondiktè mondyal la".

Edwards Vacuum pral bay fòmasyon entèn ak edikasyon, sa k ap pèmèt chak anplwaye eksplòre ak fè avanse opòtinite karyè yo. Anplis de sa, Edwards angaje l pou l rekrute anplwaye debitan nan kominote ki defavorize yo epi fè patenarya ak pwogram rekritman ak fòmasyon nan kominote a ki egziste deja, pou bay konpetans jeneral ak konpetans teknik ki pral bay opòtinite travay ki pa te disponib nan kominote sa yo anvan.

Pak Faktori Avanse Syans ak Teknoloji (STAMP) Lwès New York la se yon gwo sit 506 ekta ki an premye nan kwasans fabrikasyon vèt nan New York. Devlope pou bay elektrisite renouvlab ki gen gwo kapasite ak pri ki ba nan yon kote estratejik nan koridò teknolojik Buffalo-Rochester, STAMP te atire plis pase 500 milyon dola nan investisman konpayi inovatè yo. Avèk plis pase 202 ekta tè ki disponib sou plas, 1.1 milyon moun nan 48 km, ak 30,000 etidyan pou jeni ki enskri chak ane nan fakilte ak inivèsite ki tou pre, STAMP pozisyon pou akselere endistri fabrikasyon semikondiktè, fabrikasyon avanse ak fabrikasyon renouvlab nan New York.

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "Atire patnè chèn apwovizyonman yo nan endistri semikondiktè se yon bagay enpòtan pou konstwi yon ekosistèm ki pi solid nan Eta New York. Chwa STAMP Edwards Vacuum pou nouvo enstalasyon li an simante Eta New York kòm lidè nan endistri semikondiktè a".

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Pwovizwa Otorite Enèji New York la, Justin E. Driscoll, te deklare, "Envestisman STAMP Edwards Vacuum se yon temwayaj sou aparasyon New York kòm yon lidè mondyal nan fabrikasyon semikondiktè. Sekirize patnè fyab nan chèn apwovizyonman enpòtan pou endistri semi-kondiktè a, epi pwojè tankou sa a montre atribi inik New York ki pral ede endistri a grandi isit la".

Nan kad akò avèk Edwards Vacuum, ESD te ofri jiska 21 milyon dola sou fòm konbinezon Kredi Taks Excelsior Jobs, Kredi Taks pou Envestisman ak yon 1 milyon dola anplis pou sipòte Devlopman Mendèv ak fòmasyon yon Mendèv Divèsifye ak Enklizif nan echanj pou 600 nouvo travay aplentan nan lokal la. Anplis de sa, Konsèy Administrasyon Otorite Enèji New York (New York Power Authority, NYPA) pral revize yon aplikasyon pou enèji idwolik Niagara ki gen pri ki ba nan yon reyinyon piblik alavni.

Edwards Vacuum prevwa aplike pou akò nan yon dat pita avèk Sant Devlopman Ekonomik Konte Genesee (Genesee County Economic Development Center, GCEDC) pou sipòte investisman konpayi an nan STAMP atravè asistans taks sou pwopriyete, lavant ak ipotèk. Demann lan ap sipòte pi gwo mendèv ak investisman kapital nenpòt konpayi pwopoze nan yon sit GCEDC devlope.

Mwa pase a, [Senatè Schumer te rele pèsonèlman Prezidan Edwards Vacuum, Geert Follens, pou ankouraje konpayi chèn apwovizyonman semikondiktè mondyal la pou elaji nan nò Eta New York.](#) Lwa bipatit CHIPS ak Syans Senatè Schumer a, kreye yon kredi taks sou investisman pou enstalasyon fabrikasyon semikondiktè yo ak patnè chèn apwovizyonman tankou Edwards Vacuum ansanm ak 52 milya dola san parèy kòm avantaj federal la pou ankouraje rechèch, devlopman, fabrikasyon semikondiktè, ak fòmasyon mendèv pou tounen pote travay ki byen peye sa yo soti aletranje, ranfòse sekirite nasyonal, epi retabli lidèchip teknolojik Etazini an. Benefisyè pwojè lwa a egzije pou moun k ap resevwa avantaj sa yo fè investisman enpòtan nan travayè yo ak nan kominote a ki sipòte kwasans ekonomik ekita. Edwards Vacuum prevwa aplike tou pou avantaj dapre Lwa CHIPS ak Syans. [Schumer te sipòte devlopman STAMP depi lontan](#) epi pou atire nouvo konpayi semikondiktè ak fabrikasyon avanse pou lokalize nan STAMP. Schumer te di ke nouvo investisman federal ak eta sa yo ap kreye yon nouvo 'Kanal Erie' atravè eta New York lè yo atire plizyè milye nouvo travay nan endistri semikondiktè a soti nan Hudson Valley rive nan STAMP Lwès New York.

Semikondiktè yo, ak patnè chèn apwovizyonman yo, enpòtan anpil pou fòs ekonomik nasyon an, sèvi kòm sèvo elektwonik modèn yo, ak pèmèt teknoloji enpòtan pou kwasans ekonomik Etazini, sekirite nasyonal, ak konpetisyon mondyal. Endistri a anplwaye dirèkteman plis pase 277,000 moun nan Etazini epi li sipòte plis pase 1.8 milyon lòt travay lokal. Semikondiktè yo se youn nan senk pi gwo pwodui ekspòtasyon Etazini, epi endistri a se premye kontribitè nan pwodikтивite travay, ki sipòte amelyorasyon nan efikasite nan prèske chak sektè ekonomik — soti nan agrikilti rive nan fabrikasyon. Nan kòmansman ane sa a, Gouvènè Hochul te siyen lejislasyon Green CHIPS New York ki pi enpòtan nan peyi a pou tounen lwa pou atire pi gwo biznis fabrikasyon semikondiktè nan eta a epi asire angajman pou travay ki byen peye, dirabilite, ak avantaj kominote a.

Pwoblèm chèn apwovizyonman yo ak yon diminisyon nan pòsyon pwodiksyon pis mondyal Etazini an ap lakoz difikilte ki depase nan tout aspè nan ekonomi an. Ewozyon kapasite pwodiksyon pis Etazini an mete peyi nou an nan yon dezavantaj estratejik nan plizyè domèn enpòtan, ki enkli sekirite nasyonal, inovasyon teknolojik, ak kwasans ekonomik ak endepandans. Paske plis pase 300 endistri itilize pis — soti nan machin rive nan telefòn selilè — rate yo ogmante pri lòt byen konsomasyon yo. Nouvo enstalasyon Edwards Vacuum lan pral mete Eta New York kòm yon lidè nasyonal nan relokalize travay semikondiktè enpòtan nan peyi Etazini.

Reprezantan Joe Morelle te deklare, "Sa a se egzakteman kalite investisman Lwa CHIPS ak Syans federal ke mwen te ede adopte a te gen entansyon fasilite. N ap pran mezi konkrè pou ranfòse chèn apwovizyonman nou an, amelyore fabrikasyon, epi devlope ekonomi lokal nou an—pote travay ki byen peye nan kominote nou an. Depi lontan mwen te yon sipòtè enstalasyon STAMP, epi mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul, Senatè Schumer, ak patnè mwen yo nan gouvènman an pou angajman yo pou investi nan avni kominote nou an".

Prezidan Lejislati Konte Genesee Shelley Stein te deklare, "Nou tèlman fyè dèske STAMP pral lokal pou pi gwo investisman devlopman ekonomik nan istwa Konte Genesee. Nan non kòlèg mwen yo nan Lejislati Konte Genesee a, nou akeyi Edwards Vacuum nan kominote nou an epi nou espere siksè yo isit la ak opòtinite karyè yo pral ofri pou rezidan k ap travay di nou yo. Anons sa a demontre konsantrasyon dilijan Konte Genesee pou planifye, prepare ak akeyi fabrikasyon 21yèm syèk la nan konte nou an".

Sipèvizè Vil Alabama, Rob Crossen, te deklare, "Vizyon nou pataje atravè devlopman STAMP jwe yon wòl nan pote nouvo travay ak investisman nan Konte Genesee epi amelyore kalite lavi pou rezidan nou yo. Dènye a te kòmanse atravè amelyorasyon nan enfrastruktir ki ranfòse, sitou sa ki konsène sèvis dlo, epi nou kontan ke STAMP ak kominote nou an ap atire konpayi fabrikasyon avanse ak travay ki byen peye".

Ko-Prezidan Komite Devlopman Ekonomik Rejyonal Finger Lakes la, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Chanm Komès Greater Rochester, Bob Duffy, ak Prezidan SUNY Genesee, Denise Battles, te deklare, "Nou felisite Edwards Vacuum pou pwojè enkwayab sa a, epi nou akeyi yo nan Pak Fabrikasyon Avanse Syans ak Teknoloji Lwès NY dènye modèl nan Konte Genesee. Travay bon jan kalite sa yo pral ede dinamize ekonomi rejyonal la, ogmante repitasyon li kòm sant teknoloji ak pwogrè".

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Sant Devlopman Ekonomik Konte Genesee a, Steve Hyde, te deklare, "Gen yon dikton ki di devlopman ekonomik se yon maraton, se pa yon kous vitès, epi sa se te apwòch nou pou STAM depi lè li te yon konsèp sou papye yon deseni de sa. Se poutèt sa nou trè kontan wè ki jan apwòch konstan ak objektif sa a ap lakòz yon retou enpòtan sou investisman ki te fèt pandan ane yo

atravè patnè sektè piblik ak prive nou yo epi an patikilye atravè Senatè Schumer ak Gouvènè Hochul nan anons sa ki fèt jodi a. Anons sa a montre ke STAMP ak rejyon nou an se lokal ideyal pou kwasans endistri semikondiktè a".

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Greater Rochester Enterprise la, Matt Hurlbutt, te deklare, "Edwards Vacuum, yon fabrikasyon ekipman inovatè vakyòm ki sèvi endistri semikondiktè a, ap agrandi nan Pak Fabrikasyon Avanse Syans ak Teknoloji Lwès New York nan rejyon Greater Rochester, New York pou pwofite gwo enfrastruktir inik sit sa a, ki gen ladan apwovizyonman enèji idwolik nan pri ki ba ak dlo san limit ki fyab. Rochester, NY atiran tou akòz konsantrasyon talan ki gen anpil konpetans avèk ekspètiz nan jeni mekanik ak elektrik ak patnè devlopman mendèv rejyonal yo ki ofri pwogram kalifikasyon ak pwogram diplòm pou fòmè mendèv Edward Vacuum nan alavni. GRE konekte Edwards Vacuum ak anpil resous devlopman ekonomik pou sipòte ekspansyon sa a nan Rochester epi l pral kontinye sipòte konpayi an pandan pwojè sa a ap dewoule".

Gwo investisman sa a ajoute nan endistri semikondiktè New York ki deja solid la. Anplis gwo investisman 100 milya dola Micron fè nan New York Santral, New York gen plizyè lidè endistri pis mondyal tankou GlobalFoundries, Wolfspeed, onsemi ak IBM. New York abrite tou konplèks Albany Nanotech ki gen renome nan mond lan ki se yon patenarya piblik-prive ki gen plizyè milya dola, ki gen ladan l yon enstalasyon rechèch ak devlopman semikondiktè 300 milimèt ki pi avanse, ke piblik la posede, ki pi avanse ak 300 milimèt epi ki rasanble premye inivèsite yo ak dirijan nan endistri a pou reyalize devlopman pis dènye kri. Akòz defans san pran souf Gouvènè Hochul ak Senatè Schumer, konpayi chèn apwovizyonman semikondiktè tankou Edwards ap grandi tou. Nan kòmansman ane sa a, Corning Incorporated te investi 139 milyon dola, sa ki te kreye plis pase 270 nouvo travay nan Konte Monroe pou satisfè demann mache semikondiktè k ap grandi a.

Enfòmasyon sou Edwards Vacuum

Edwards se pwomotè ak fabrikasyon prensipal pwodwi vakyòm sofistike, sistèm jesyon tiyo echapman ak sèvis ki gen rapò ak valè ajoute. Sa yo se entegral nan pwosesis fabrikasyon semikondiktè, ekran plat, LED ak selil solè; yo itilize nan yon seri de pli zan pli divèsifye nan pwosesis endistriyèl ki gen ladan enèji, vè ak lòt aplikasyon kouch, asye ak lòt metaliji, pwodui famasetik ak chimik; ak pou enstriman syantifik ak yon pakèt aplikasyon R&D.

Edwards gen plis pase 8,000 anplwaye atravè monn lan ki angaje nan konsepsyon, fabrikasyon ak sipò gwo teknoloji vakyòm ak ekipman jesyon tiyo echapman epi li gen enstalasyon fabrikasyon dènye kri nan Ewòp, Azi ak Amerik di Nò.

Edwards fè pati Atlas Copco Group (NASDAQ OMX Stockholm: ATCO A, ATCO B), yon founisè ki baze Lasyèd sou solisyon pwodiktivite endistriyèl.

Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou Edwards nan www.edwardsvacuum.com

Akselerasyon pwogram Finger Lakes Forward

Anons jodi a vin konplete pwogram "Finger Lakes Forward", ki se plan global rejyon an pou jenere kwasans ekonomik djanm ak devlopman kominotè. Plan ki fèt sou plan rejyonal la konsantre sou envesti nan endistri kle, sa enkli fotonik, agrikilti ak pwodiksyon manje, ak manifakti avanse. Kounye a, rejyon an ap akselere Finger Lakes Forward gras ak yon investisman 500 milyon dola Eta a ap fè nan kad Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Eta a. Envestisman 500 milyon dola Eta a pral ensite biznis prive yo envesti plis pase 2.5 milya dola – epi plan rejyon an, jan yo soumèt li a, prevwa jiska 8,200 nouvo djòb. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

Enfòmasyon sou Empire State Development

Empire State Development se ajans devlopman ekonomik prensipal New York. Misyon ESD se pou pwomouvwa yon ekonomi ki djanm ak pwospè, ankouraje kreyasyon nouvo travay ak opòtinite ekonomik, ogmante resèt pou Eta a ak minisipalite li yo, epi fè ekonomi lokal yo vin estab ak divèsifye. Gras a itilizasyon prè, sibvansyon, kredi taks ak lòt fòm asistans finansye yo, ESD ap fè efò pou amelyore investisman biznis prive ak kwasans pou sipòte kreyasyon travay epi sipòte kominote pwospè yo toupatou nan Eta New York. ESD se egalman ajans administratif prensipal k ap kontwole Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Councils) Eta New York la ak komèsyalizasyon "I LOVE NEW YORK", mak touris anblematik Eta a. Pou plis enfòmasyon sou Konsèy Rejyonal yo ak Empire State Development, vizite <http://www.regionalcouncils.ny.gov/> ak <http://www.esd.ny.gov/>.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418